St. Thomas East End Medical Center Corporation
4605 Tutu Park Mall, Suite 207
P.O. Box 503177
St. Thomas, VI 00805-3177

**OFFICIAL USE**
PT# ____________
ID Verified: ____________
____________
____________
I:________RD: ____________

Tel: (340)775-3700
Fax: (340)777-7927

"Your Health is our First Priority"

## KONSANTMAN POU KOMINIKASYON

Souvan pasyan / kliyan mande pou nou kominike avèk yo pa telefòn, mesajri, imèl oswa tèks. St. Thomas East End Medical Center Corporation (STEMCC) respekte dwa ou pou gen kominikasyon konfidansyèl sou enfòmasyon sante ou ki pwoteje (PHI), osi byen ke dwa w pou dirije kijan kominikasyon sa yo rive. Kòm imèl ak mesaj tèks kapab natirèlman ensèten kòm metod kominikasyon, nou pral kominike avèk ou pa imèl oswa tèks sèlman avèk konsantman ekri ou nan adrès imèl oswa nimewo telefòn ou founi nou anba. Tanpri konnen ke si ou gen yon kont imèl nan travay ou, patwon ou ka gen aksè a imèl ou. Lè ou konsan ti kominike avèk nou pa imèl oswa tèks ou dakò ak kominikasyon imèl oswa tèks ki ka **PA chifre.** Osi byen, lòt moun kapab entèsepte mesajri oswa mesaj sou machin. Se poutèt sa ou dakò aksepte risk ke moun ki pa otorize resevwa enfòmasyon pèsonèl sou sante ou **PHI** kapab entèsepte enfòmasyon ou. Se poutèt sa ou aksepte pran risk ke moun ki pa otorize resevwa **PHI** ou kapab entèsepte enfòmasyon sa a lè ou konsanti pou kominike avèk nou pa telefòn, mesajri, imèl, oswa tèks. STEEMCC pa pral responsab pou okenn vyolasyon nan prive oswa sekirite ki ka rive nan mesajri, imèl, oswa kominikasyon tèks ke ou te konsanti yo. Ou ka chwazi limite kalite mesajri, imèl oswa kominikasyon tèks ou gen avèk nou si ou vle limite risk ou genyen pou ekspoze PHI ou a bay moun ki pa otorize. Tanpri endike anba a ki kalite korespondans ou konsanti pou resevwa pa imèl, telefòn, oswa tèks.

Inisyal:________________

## ENFÒMASYON SOU PÒTAL PASYAN

Yon fwa ou ranpli fòm enskripsyon an epi ou retounen li nan Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante (HIM), ou pral resevwa yon lyen pou pòtal pasyan (nan twa jou ouvrab). Sa pral gen ladann enfòmasyon pou yon-sèl fwa login ID ak enfòmasyon pou modpas. Tanpri asire ke ou tcheke imèl an mas, imèl tenten, oswa imèl spam paske lyen an ka filtre imèl nan la a. Yon fwa ou resevwa yon sèl-fwa login ID, modpas yon-sèl fwa, tanpri swiv envitasyon yo. Kopye epi kole yon-sèl fwa ID ak modpas itilizatè a nan chan yo. Yo pral mande w kreye yon nouvo non itilizatè ak modpas. Ou pral gen pou li epi aksepte Tèm ak Kondisyon pòtal pasyan anvan ou kapab gen aksè. Chak fwa yo afiche yon nouvo mesaj nan pòtal pasyan ou tankou rezilta, rapò, randevou, etc., ou pral resevwa yon notifikasyon imèl. Pral gen yon lyen nan pati anba imèl la ki pral dirije ou nan ekran ki louvri sesyon pòtal la. Pa gen okenn enfòmasyon sou sante ki retransmèt nan okenn imèl. Yo pral kenbe tout adrès imèl yo konfidansyèl epi yo pa pral itilize yo pou piblisite oswa solisitasyon. Ale nan www.steemcc.org pou jwenn aksè nan pòtal ou, oswa aprann plis sou pòtal pasyan.

Inisyal:________________

## OTORIZASYON

Mwen otorize St. Thomas East End Medical Center Corporation (STEEMCC) pou voye mesaj tèks ak / oswa imèl pou kominike randevou, enfòmasyon sou pòtal pasyan ak/oswa lòt kominikasyon **KI PA** revele **PHI** mwen. Epi mwen otorize STEEMCC pou kreye you pòtal pasyan ak logon ID epi modpas pou pasyan ki endike anba. Lè mwen aksepte tèm sa yo, mwen dakò ke tout moun ki asosye ak kont mwen an ka resevwa alèt avèk referans garanti kont la ak / oswa depedan yo. Mwen konprann ke yo pral voye enfòmasyon an nan imèl mwen founi anba nan 3-5 jou ouvrab. Chaj pou mesaj tèks konpayi telefòn mobil mwen ka aplikab. Mwen konprann ke mwen ka refize siyen konsantman sa a epi refi sa a pa pral anpeche ke mwen resevwa tretman, peye pou tretman mwen, enskripsyon nan yon plan sante, oswa kalifikasyon pou benefis yo. Anplis mwen konprann ke si mwen refize siyen konsantman sa a, li pa pral anpeche ke mwen resevwa yon kopi dosye medikal mwen.

Non Pasyan:______________________________ Dat Nesans:______________
Paran / Gadyen (si li aplikab):______________________________
Mobil #:____________________ Imèl:______________________________

| Konsanti | **PA Konsanti** | Metod Prefere |
|---|---|---|
| ☐ **Mwen konsanti** pou mesaj tèks | ☐ **Mwen Pa** konsanti pou mesaj tèks | ☐ Imèl |
| ☐ **Mwen konsanti** pou apèl telefòn | ☐ **Mwen Pa** Konsanti pou apèl telefòn | ☐ Apèl Telefòn |
| ☐ **Mwen konsanti** pou imèl | ☐ **Mwen Pa** konsanti pou imèl | ☐ Mesaj tèks |
| ☐ **Mwen konsanti** pou pòtal pasyan | ☐ **Mwen Pa** konsanti pou pòtal pasyan | ☐ Sit Wèb |
| ☐ **Mwen konsanti** pou tout kalite kominikasyon | ☐ **Mwen Pa** konsanti pou okenn fòm kominikasyon | ☐ Video |

Siyati: ______________________________ Dat: ______________

Tanpri enprime relasyon ou pou pasyan (Si ou se reprezantan pèsonèl pasyan): ______________

Revised: July 15, 2020
Approved by STEEMCC Board: August 14, 2020